ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№151 (21.559) ● 2009 гъэм шыщхьэIум (августым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхухр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ухуэныгъэм и Iэнатlэм щалэ фIыщIэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

Сокъур Олег Хьчим и къуэм - «Восход» фирмэ» ООО-м и унафэщIым

Стасюк Александр Петр и къуэм - «Орбитэ-СФ» ООО-м и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КъАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№117-УП

Спортсмен цIэрыIуэхэм къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр кърат

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам, 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа XXIX Олимп Джэгуэм зэфIэкIыщхъэ кьыдэзыщIагъэ папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым 2009 гъэм щыщхьэIум и 2-м кьыдигъэкIа Указ №885-мкIэ къралым и дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащащ:

Зэныбжьэгъугъэ орденыр

Хъущт Аслъэбэч Виталий и къуэм - Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмымкIэ и министерствэм «Спорт Iэзэгъэ лъагэм и школ» и къэрал Iуэхущ1апIэм и спортсменым-инструкторым,

«Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и медалым и ящ1 нагьыщ1р

Аккаев Хьэжмурат Магомед и къуэм - Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерым, КъБР-м и Iуащхьэмахуэ районым щалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, физкультурэмрэ туризмэмкIэ и комитетым и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и спортсменым-инструкторым.

Тхьэусыхафэм и пэжыпIэр щыIэхагъэкIым

Ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэр игъэбелджылын папщIэ зыкъыхэзыгъэза цIыхум Iулъхьэу сом мин 20 къыщыIихым вубыдащ «Медико-социальнэ экспертизэмкIэ бюро нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и дохутырыр. Дохутыр Iэпэльапащхэр органэм я1пэщIэхуащ Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ КъБР-м и Президентым и линэм къагъэхьа тхьэусыхафэм и пэжыпIэр къыщапщытэм.

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым кьыхэзыратамкIэ, а хъыбарыр кьызыбгъэдэкIам и цIэунэцIэр кьигъэлъэгуагъэкъым, ауэ мы Iуэхущ1апIэм Iулъхьэ зэрыщыIэкIэуэм теухуауэ къэтхьэусыхэхэр куэдти, КъБР-м щыIэ МВД-м и экономикэ щ1апIэщIаджагъэхэм я1пащIэтыныжмкIэ и управленэм коррупцэм ебэныжмкIэ и отделым и лэжьакIуэхэм закьыхуигъэзащ ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэр игъэбелджылын папщIэ мы Iуэхущ1апIэм кьекIуэлIахэм ящыщ зым. Милицэм и лэжьакIуэхэм абы яжриащ ар ныкъуэдыкъуэу кьалъытэн папщIэ Iулъхьэ итыну кьызэрыхуагъэувар.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министр КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Касумов Сергей кьызэрыджwIакIэ, Iулъхьэ зэфIэзэгъэкIэхэм ебэныжмкIэ пэжыгъэр иджыри йокIуэкI икIи абы министерствэр зэпымыууэ кIэлъопIэ.

Фигу кьыдогъэкIыж Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ КъБР-м и Президентым и линэр жащи мазэ зэрыплажьэр. Налшык щыIэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ псальэу дэтхэнэми а Iэнатlэм хъыбар иригъащIэ хъунущ Iулъхьэ кьызэрыIахым, кьулыкъущIэхэм зыпэрыт Iэнатlэр я щхьэ Iуэхукlэ кьызэрагъэсэбым, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудаым теухуауэ. Апхуэдэ хъыбархэр зохагъэкIыу унафэ пыухыкIа тращIыхьын папщIэ хуагъэхь зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ. Хъыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэIущIыкIыу щIыкIрыкъым.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Израилым щыщ Рихьэнне жыдагъуэм дыгъуэсэ гуфIэгъуэ щIэныгъэ зыхьэщхуэ - адыгэ фестиваль - кьыщыIэIуахащ. Абы хэтащ цIыху 3000-м щIигъу.

Рихьэнне щекIуэкI адыгэ фестивалым

ИлъэсищIэм щIигъукIэ уэзIэбэкIыжмэ адыгэхэм кьызэрагъэпэща Рихьэнне, Кфар-Камэ къуажэхэм дэсхэм я мызакъуэу, абы кьрихьэлIащ икIи кьыщыпсэльащ Израилым къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и министрри, ищхьэрэ, ищ1э щыналъхьэхэм я Iуэхуэмкlэ и министрри. А зэхьхьхэм и мыхьэнэр зэрыныкIр къегъэльагъуэ абы департамент зэхуэмыдэхэм, куейхэм я унафэщIхэр, Галилее Ипщэм кьедза жылагъуэхэм я тхьамадэхэр, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIа хьэщIэ куэд кьызэрырихьэлIами.

Хьэщ1э лъапIэ псоми зыгъэфIакIыжу ди лъэпкъзэгъуэр кьаIуащ1ащ я адэжь хэкум и лIыкIуэзу КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэкlэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Пащты Борис**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, «Адыгэ унэтыкуэн-музейр зыгъэлажьэ», «Пэрытжылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **IутIыж Мэжид**, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артистхэу **Шэрджэс Iэсият**, **Ташло Алий** сымэ.

Фестивалым кьыщIэзэ хуэсахэм я пащхьэ кьыщыщIыпсалъэм, Пащты Борис, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Iутlыж Мэжид сымэ кьыхагъэщащ адыгэ лъэпкьым ихьэхэкIахэр дэнэ щыпсэуми зэрызэрыщIэр, ди зэпыщIэныгъэхэр дяпэкIи гъэбыдэныжкIэ, я хабзэр, я анэдэтхьубзэр ящIэу щIэблэр кьэгъэтэджыныжмкIэ мыпхуэдэ зэхуэсхэм мыхьэнэщхуэ зэраIэр. Фестивалым кьрихьэлIаэр гуапэу кьаIуащIащ ди артистхэ-ми - абыхэм я утыку итыкIэм, ягъэзэщIа уэрэдхэм Iэгуауэ-шхуэ хуаIэтащ.

Iэтауэ, дахэу екIуэкIа фестивалым и сценэр абы хуэфащ1ну гъэщIэрыщIат - ди лъэпкъ дамыгъэ зэхуэмыдэхэм я мызакъуэу, абы щIыпIагъур т Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм я бэракъэрэ.

Нобэ, щыщхьэIум и 8-м, ди республикэм и лIыкIуэхэр яIуащIэнущ КфарКамэ щIыIэ Адыгэ Хасэм кьекIуалIэхэм, нужькIэ адыгэ хьэгъэзыIыгъуэ а щIыпIэм зэрыщрагъэкIуэкIым, ди лъэпкъ хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм ирагъэпIтынущ. Тхьэмахуэ махуэм хьэщIэхэм Иерусалим зыщрагъэпIтыхьынущ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

Зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ зэрырагъаджэм и фIагъыр кьыззэралытэ щIыналъэ Iэмалхэм зегъэужьыным теухуа зэIущI.

АР КЪЫЩIЭЗIУИХЫМ республикэм егъэджэныгьэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** кьыхиригъэщащ зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа проект зэхэлъэр (КПМО) а Iэнатlэм игьэуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэм я лъабжьэу зэрыщытыр. Абы и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр егъэджэныгъэ Iэнатlэм кьыщыIэсэкIэпынымкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахащ. Апхуэдэу КПМО-р гъащIэм зэпща зэрыхъуныим теухуа семинархэр ирагъэкIуэкIащ. Министрым зэрыкIэмкIэ, а семинархэр сэбэпышхуэ хьэщ1ащ1апэщIыпIэ лэжьыгъэр зыхуэдэр наIуэ хьунымкIэ, гугъуехьхэр и чэзум зэфIэхьныкIэ, апхуэдэуи КъБР-м и егъэджэныгъэ Iэнатlэм игъуэтыну зыужьынымкIэ зэщIэхэр убзыхунымкIэ.

ЗэIущIэм кьыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щIэм тету улахэр тыныр, зэрырагъаджэм и фIагъыр кьыззэралытэ зыкIпхъ щхьэхуэ гъэувыныр, еджакIуэхэм я щIэныгъэр зыхуэдэр кьызэрарапщытэ кIэлъыплъныныгъэхэр кьыззэрэгъэзэныр, егъэджакIуэхэмрэ унафэщIхэмрэ я Iэзэгъым, зэфIэкIым хэгъэхьэныжмкIэ Iэмальщ1эхэр кьыхэлъхьэныр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI **Джапгуевэ Тамарэ** зэрырагъаджэм и фIагъыр кьыззэрапщытэ Iэмалхэм зегъэужьыным теухуауэ кьехъулIахэм я гугъу щIигъым кьыхигъэщащ абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI хэгъуэгуэхэм я Iуэху зехьэкIэм щыгъуаэз зэрызащIар икIи я лэжьыгъэм ахэр кьыщагъэсэбэпыну зэрамурадыр. Адэкlэ ар кьыстеурыыщ егъэджэныгъэм щIэуэ кьыхьыхьэхэр гъащIэм хэпща хьунымкIэ Iэпощхьэпохэри зэрыщыIэм. Апхуэдэу, псальэм папщIэ, зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзымыщIыкI егъэджакIуэхэр зэрыщыIэр, щIэныгъэ-методикэ чэнджэщхэмкIэ ирикъуу школхэр кьыззэрызэмыгъэпэщащ.

КIУЖ Иннэ.

Бэджэндырылажьэхэу Хъут Мусэбийрэ НафIэдз Олегрэ я унеи мэкъумэш Iуэхущ1апIэр. Щэджэм куейм щыпхъ нихъэм ящыщ. Мы зэманым абыхэм еужьэрэкIыу Iуахыж щы гектар 250-м траса бжьыхьэсэ гуэдзымрэ хьэпщIимрэ.

ГъАБЭР гъэ кIуам нэхърэ нэхъ мащIэщ - зы гектарым центнер 30-32-рэ кьытрахыу аращ. Ар и зэранщ хьэщэпщ1ым и зыужьыгъуэм дунейр уэлбанэрилъэу зэрыщытам. Ауэ мэкъумэщыщIэхэр мэгупъэ нартыхуу бзэ кьаэрехъулIам кьыдихьыжьыну. Апхуэдэу мы илъэсым хадэхэкIэрэ яхуэбгъуащ. Гектари 2-5-м нащэ кьудейуэ тонни 4-5 кьытрах. Куэд мыщIэу помидорым, кьэбыстэм, хъарбызым я Iухьжьыгъэр кьэсыныщ.

Бэджэндырылажьэхэм псори зэхэту яIыгъ щы гектар 380-м кьытрах гъавэмрэ хадэхэкIымрэ щэным гъэкIуэгугъу зэрыригъэхьыр кьалъытэри фIэIуфэ щагъэхьэзыр линэ кьыз1уахьну трауху-ащ. Ар ухуэн яуха нэужь, мэкъумэщыщIэхэр щIэгугъэвэн щымыIэу я Iуэхур зэтеувэнущ. Нобэ хозяйствэм игъалажьэ цIыху 40-м и чэзум ахъшэр ират, шэджагъуашхэ пщIэншэу иригъащI. Линэр зутIупщIмэ, иджыблагъ ягъалажьэ цIыху бжьыгъэм кьыхагъэхъуэну Iэмал ягуэтынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Щэджэм куей

Я хадэхэкIхэм езыхэр елэжьыжын папщIэ

Гулъытэ хэха хуащI

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и турист Iэнатlэм зегъэужьыным 2012 гъэ пщIондэ бюджет егъэхуэмыдэ хэм кьыхэкIыу сом мелади 2 хухахынущ.***

АХЪШЭ инженер коммуникацIэхэр, гъуэгуэхэр уэхуэным трагъэкIэдэнущ. Нэгъэсэ апхуэдэ лъэхъэнэм сом мелуан 500 и уасэ зэфIагъэкIащ.

- Адыгейм и турист Iэнатlэм зегъэужьыным инвесторхэм гулъытэ кьыхуащIу щIадзащ. Уеблэмэ, абыхэм ахъшэ зыхатхьэну жьыхуэIэм хуэдиз лэжьыгъэ диIэкъым. Араущи, къэрал дэIепыкъуныгъэ хэмыту, гупсысэ зыхъэть экономикэ политикэ едмыгъэкIуэкIыу инвесторхэр туризмэм кьыхьхьэныным, - жиIащ щIыналъэм и унафэщI Тхьэкlушынэ Аслъэндэркрий.

Иджыпсту Адыгейм инвестицIэ проектитI щолажь. «Оштен» бгы-лыжь курортым сом мелардитху, «Хаджох» турист-рекреащ комплексым сом мелардрэ ныкъуэрэ текIуэдэнущ.

ДызыкъуэкIуэ илъэсищIым кьрифыбыдэу Адыгейм и турист Iуэ хутхьэбзэкэм фIыуэ хигъэхъуэну и мурад. Шыбгъ мин 20 зыщIэхъэ хьэщIэщхэр, комплексхэр, курортхэр кьыззэрагъэпэщынущ.

МэкъумэшхэкIым хагъахъуэ

2009 гъэм и ящ1 пIэрэ ныкъуэм кьрнубыдэу

● Футбол

Фыдогъэблагъэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

ЕпщыкIубланэ джэгуГъуэ

«Спартак-Налшык» - «Спартак» *(Мэзкуу)*

Налшык.
«Спартак» стадион.
Щыщхьэ1ум и 8-м.
Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 45-м.

«Мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, зэкъуэтыныгъэм дрительхьэщI» республикэпсо пэкIум и

УНАФЭ

Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ лIыкIуэу республикэм и муниципальнэ район, къалэ округ, политикэ парт нэхъыщхьэхэм я щIыналъэ къудамэ, республикэм щIыкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ, зэщIэхъуэенкIэ, лъэпкъ-щIэнхабзэ центр псоми я цIыкIэ цIыху мин куэд къызрихьэлIа пэкIум хэтхэр, дызэхуэсащ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэбыдэным хуэгъэзэуэ республикэм щрагъэкIуэкI жылагъуэ Iуэхухэр дэтIыгьын папщIэ.

Дэ кьызэрыгурыIуэгъэмкIэ, нобэрей гъэIур и жэуапц Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысей Ищхьэрэм щыIэ щытыкIэр зэIызыгъэхьэну хущIэкъу къарууэ республикэм и кIуэцIкIи абы и щыбкIи щыIэхэм зэпыу имыIэу зэхащIыхьхэм. Псом я дежкIи нарыгъуэщ гуп щхьэхэхэр зэщIагъэуIауэ, щхьэхуеущагъэ Iуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр зэфIагъэнэну икIи республикэм щыIэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ кьызэпаудыну хущIэкъу цIыху пыухыкIахэр иужьрей зэманым жьыдэжрагъэшыхуэ яхэлъу а мурад мыхъумыщIэхэм зэрытелажьэр. Экстремист къаруэр нехьэкIкьехьэкI хэмылъу хущIэкъу цIыху пыухыкIахэр зэныбжьэуэкъу кьыдалъхьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэтракъутэну.

Апхуэдэ мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ абыхэм хэплъыхь ямыIэу сыт хуэдэ Iэмалри кьагъэсэбэп: пцIы яупс, цIыхухэр зэрыхагъэльэдэным хущIокъу, тхыдэр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэр кьаIэт, лъабжьэншэу властыр игъэкъуэнщ, республикэм и къэрал властыр игъэуIуэнри папщIэ къэралым и унафэщIэм тхьэусыхафэ фIейхэр кьрагъэльэлъэх.

Дэ шэч кьытетхьэркъым апхуэдэ лэжьыгъэ мыхъумыщIэр зэрыпхымыкIынум, сыту жыпIэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм я гъэкъуэтынныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ куэдкIэ нэхъ быдэщ икIи нэхъ лъэщщ апхуэдэ цIыху щхьэхуещэ щхьэхузэм я хьэгъащIагъэхэм нэхърэ.

Лъабжьэ зимыIэ пцIыхэр, щхьэусыгъуэншэу зэхагъэзэрыхьэ Iуэхуэхэр зэхэтхьжу дыхэтуэрэ, дэ Iэщ1ыб щIыпIхуейр мэхъу ипэжыпIэкIэ щынагъуэщу щыт дин экстремизмэм - властымрэ цIыхубзмрэ я1пэщIэтыныжмкIэ Iэмал нэхъыщхьэу терроризм кьыхэзыхам -ебэныныр. Дэ псори дроукIытэ икIи ди жагъуэ мэхъу бандитхэм щIэх-щIэхыкуэр хьэгъэщагъэхэр зэрызэхащIыхьым, абыхэм лагьымкIэ кьызэрагъэуэм, хабзэхъумэ органэм я лэжьакIуэхэр зэрарокIыж, кьызэрагъэгъэзэжу зэратеуэм теухуа хьыбархэм псори есэжу зэрыхуежьам. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щацхъумэурэ, республикэм и кьуэ нэхъыфIэхэр хокIуадэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм и цIэкIэ дэ фIыщIэ яхудощI къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органхэм, шынагъуэншагъэмкIэ органхэм я дэтхэнэ лэжьакIуэми, дэтхэнэ сэлэтми, офицерми, абыхэм цIыхубзм я сэбэп зыхэлъэмэрэ щынагъуэншагъэмрэ зэрахъумэм папщIэ.

Дэ аргуэру ди щхьэр яхудогъэщхьэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэу бандитхэм яIащIэкIуэда псоми. Ахэр уигу кьэбгъэкIыжмэ, икъукIэ кьемызэгъащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым терроризм хьэгъэщагъэхэр кьыщIэзыпыдыным теухуауэ хабзэхъумэ органхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхуэхэр республикэм и цIыху щхьэхуэхэм зэрадебар.

Иджыпсту зэтеувэзу хуежьа щыпсэу цIыхуитIыр икъукIэ йоэзгъ Урысейм и жагъуэгъуэхэм, къэралыр лъэрымыхь зыщIыну, зыгъэльэлъэну хущIэкъуэхэм зыхуагъэувыжа мурадхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысейм и ищхьэрэ Iыхьэмрэ хьэрэгъэщIыгъуэ зэгухьэныгъэ я Iуэхур нэхъ пхокI къэрал щIыбым кьыщыгъэпэщIэт биижэм.

ПэкIум хэтхэм сыт и лъэныкъуэкIи даIыгъ къэралым и унафэщIэхэм дэ щыIэныгъэм кьызыхэзгъэзэу ирагъэкIуэкI политикэр. Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ зыми Iэщ1эмыль кьэрал хьакьэхуу Урысейм кьызэрилытэрэ зы илъэсым щынэбгырэ зы мы Iэнатlэм дэ къэралым и унафэщIэм фIыщIэ псальэхэр яхужьидоIэ ди кьэушхуэ осетин, абхъаз лъэпкъхэм кьаэзрящIэхьащIам, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ Кавказым щыхъумэным хуэунэтIа лэжьыгъэ тэмэм зэрыдагъэкIам папщIэ.

Къэрал щIыбми кьэрал кIуэцIми щыIэныгъэм сыт зэхамыщIыхьми, экономикэ, социальнэ гугъуехьу иужьрей илъэсипщIэм зэрытехьахэм ящыщ куэд иджыри щыIэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ зэхъуэныкIыныгъэхэр зэкIэлъыкIуэу щрагъэкIуэкI, властымрэ жылагъуэмрэ сэбэпынагъ пылъу зэхэлъ, зэрыщIэхьэ, зэгурыIуэныгъэ. А Iуэхуэхэм я1пэзэрыту икIи зэман кIыхьым теухуауэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ А. Б. иригъэкIуэкI политикэм. Республикэм кьэрычэт Iуэху мыинымрэ кьэрычэт Iуэху курытымрэ зыщIажь, бизнес-проект инхэр щагъэзащIэ, социально-экономикэ кьалэнхэр зэрагъэкIыным и лъэныкъуэкIэ кьэралымрэ уней мылькымрэ зэщIыгъуэ кьагъэсэбэп. Ди дежь щIэзэтеуващ социальнэ унэтIныгъэ зиIэ бизнес Iэнатlэ, граждан жылагъуэм Iэмал игъэуэтащ КъБР-м и Президентым дежь щIэ жылагъуэнэнджэщагъэу советым, КъБР-м и Жылагъуэ палатэу идыкIыпэ кьызэрагъэпэщащ кьыгъэсэбэпурэ и псальэр пхигъэкIыну.

А политикэр зэман кIыхьым тещIыхьащ икIи 2022 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызижьыну стратегием тету пхагъэкI. Илъэс куэд лъандэрэ къэмыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм и политикэм и къэралым и унафэщIэхэм кьэкIуэну зэманкIэ кIыхьым зэрызижьыжьнумрэ ар зыхуэIэкъуну мурад IуэщIхэмрэ.

Ищхьэкlэ кьыщыдгъэльэгъуа псори кьалъытауэ, пэкIум хэтхэм унафэ ящI:

1. Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным хуэунэтIауэ республикэм ис цIыхухэр, граждан жылагъуэм и Iуэхущ1апIэ псори Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIэху Къанокъуэ А. Б. зи пашэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ нэхъри нэхъ быдэу якъуэкIыну кьыхуриджэжу.

2. Федеральнэ закон №131-р гъэзэщIэным пыщIа Iуэхухэм политикэ унэтIныгъэ иратыныр зэпагъэууэ, сыт хуэдэ Iуэхури Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым и Унафэр дэгъэкIыным хуэгъэзащIэ кьызэрагъэпэща Зэкъуэшхэм я Iуэхуэхэм я1пэкIэ зэгухьэныгъэ кьалъытэу республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. жылагъуэ лэжьакIуэ щхьэхуэхэм зыхуагъэзэну.

3. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я1пэщIэтыныжмкIэ хабзэхъумэ органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи даIыгъыну икIи экстремизмэм и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэми зэребэнкIи я1зэльэщIыну ахэр кьыхуараджэну.

4. Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ щыпсэу ди кьуэш лъэпкъхэм ядэIэпыкъуным, зэрыщыту Кавказым щынагъуэншагъэр щыхъэмэным хуэунэтIауэ къэралым и унафэщIэхэм мы щIыналъэм щIэтIысхьагъэ щIэдгъэльэгъуну.

5. КъБР-м и Президент Къанокъуэ А. Б., республикэр Урысей Федерацэм и субъекту нэхъ псынщIэу зызыужьэхэм яльэщIагъэхьэным хуэзыгъэзагъэ абы иригъэкIуэкI политикэр дэтIыгъыну, республикэм щригъэкIуэкI социально-экономикэ зэхуэныкIныгъэхэм адэкIи пищну ар кьыхуедджэну.

6. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д. А., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Путин В. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэкъуэшм и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Грызлов Б. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщ1 Мироновым С. М., УФ-м и Президентым и полномочнэ Iыкъуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ Устинов В. В., КъБР-м и Президент Къанокъуэ А. Б., УФ-м и Генеральнэ прокурор Чайкэ Ю. Я., Урысейм ЩынагъуэншагъэмкIэ и Федеральнэ кьулыкъуэм и директор Бортников А. В., УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министр Нургалиев Р. Г. сымэ хуагъэхьыну.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхухр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ухуэныгъэм и Iэнатlэм щалэ фIыщIэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

Сокъур Олег Хьчим и къуэм - «Восход» фирмэ» ООО-м и унафэщIым

Стасюк Александр Петр и къуэм - «Орбитэ-СФ» ООО-м и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КъАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№117-УП

Тхьэусыхафэм и пэжыпIэр щыIэхагъэкIым

Ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэр игъэбелджылын папщIэ зыкъыхэзыгъэза цIыхум Iулъхьэу сом мин 20 къыщыIихым вубыдащ «Медико-социальнэ экспертизэмкIэ бюро нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и дохутырыр. Дохутыр Iэпэльапащхэр органэм я1пэщIэхуащ Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ КъБР-м и Президентым и линэм къагъэхьа тхьэусыхафэм и пэжыпIэр къыщапщытэм.

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым кьыхэзыратамкIэ, а хъыбарыр кьызэрыIахым, кьулыкъущIэхэм зыпэрыт Iэнатlэр я щхьэ Iуэхукlэ кьызэрагъэсэбым, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудаым теухуауэ. Апхуэдэ хъыбархэр зохагъэкIыу унафэ пыухыкIа тращIыхьын папщIэ хуагъэхь зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ. Хъыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэIущIыкIыу щIыкIрыкъым.

Тайфуным я1п ину къэсащ зы меданым метр 60 зи псынщIагъ жьапщэмрэ уэлбанэ кIыхьымрэ. Абыхэм я зэранкIэ псыежэхэр кьыучкIэ щыналъэ щагъэуэ кьыучкIэ. Ауэ ари щэчгъуафIэт, Фуцзянь, Чжэцян куейхэм кьахуэкIуэ «Маракот»-м ельытауэ. Тайвань хы-тIыгъум дыгъуэзэ кьиIэпхъуэкIащ цIыху мин 20-м щIигъу. Абы къытеуащ метри 6 зи лъагагъэ толькьунхэр. Метеорологхэм зэрыжаIэмкIэ, ар тайфуным и щIэдзапIэу аркъудейщ.

Цыхуи 9 хэкIуэдащ

Бельгием зи ныбжь хэкIуэтахэм я ужу щыIэхэм ящыщ зым мафIэ кьыщIэнри, цIыхубгъу хэкIуэдащ, пенсионер 30 сымаджэщым ящащ.

МафIэгъэзэнкIафIэр лыгъейм пэщIэтащ сыхьэтитI хуэдизкIэ. Иужькъэ зохагъэкIащ мафIэсыр кьыщIэхъуам и щхьэусыгъуэрэ: телевизорыр тэмэмгъэкIыж - абы и кIапситI зытхьэIэсри, мафIэ кьыщIэнащ. Зи бгыхъэр пхъам кьыхэлIащ мафIэм. Жэщыр хэкIуэтауэт ар кьыщыхъуари, цIыхухэр занщIэу кьахущIэщакъым.

Шынагъуэщ

Китайм и Хы Щхэу Iуфэм цIыху мини 10 бжьигъэхэр кьыIуегъэIэпхъуэкI. Абы мыгувэу кьытеуонущ «Маракот» зыфIаща тайфун щынагъуэ дыдэр.

Къалэхэм электрокъарур щыпаупIащ, мафIэгъэхэр щызекIуэрклым, аэропортхэр лажьэркъым.

Тайфуным я1п ину къэсащ зы меданым метр 60 зи псынщIагъ жьапщэмрэ уэлбанэ кIыхьымрэ. Абыхэм я зэранкIэ псыежэхэр кьыучкIэ щыналъэ щагъэуэ кьыучкIэ. Ауэ ари щэчгъуафIэт, Фуцзянь, Чжэцян куейхэм кьахуэкIуэ «Маракот»-м ельытауэ. Тайвань хы-тIыгъум дыгъуэзэ кьиIэпхъуэкIащ цIыху мини 20-м щIигъу. Абы къытеуащ метри 6 зи лъагагъэ толькьунхэр. Метеорологхэм зэрыжаIэмкIэ, ар тайфуным и щIэдзапIэу аркъудейщ.

И щхьэ кьрегъэлыж

Углеводородым Iуданэр кьыщыхащIыкIыну Саратов щыIэ заводым дежьэн щIидзэжащ, ильэс ныкъуэкIэ зэтеувыIуэу щыта нэужь. А Iуэхущ1апIэм и дежьигъэр зэтеублэжьым кьралым ахьшэ хидьхьакъым.

Апхуэдэ нейтрон Iуданэхэр кьыщIэзыгъэкIыу дуней псом предприятиер щыIэу ягъуэ.

Нейтрон Iуданэм сытри кьыхэпщIыкI мэхъу, джанэм и деж щыщIэдзауэ ракетэмкIэ щиухыжу. Аращ абы 21-нэ лIэщIыгъуэм и сырыкIэ щIэджэр. КъыщIигъэкI продукцэм и тельыджагъым и закъуэ а заводри, ар лъабжь зыхуэхъуа Iэнатlэри Урысейм кьыщцэзыгъэлар.

Мы махуэхэм

Щыщхьэ1ум и 8, щэбэт

❖ АСЕАН зэгухьэныгъэм и махуэщ. А асоциацIэр 1967 гъэм кьызэрагъэпэщащ. Абы хэт кьэралипщIми гъэ кьэс ягъэлъапIэ.

❖ **Археологым и махуэщ**

❖ Китайм лъэпкъ узынщагъэм и махуэрэ япэу щагъэльапIэ. 2008 гъэм Пекин Олимп Джэгуэр кьызэрыщIэзыдзаэр ар гъэлъапIэным лъабжьэ хуэхъуащ.

❖ Илъэси 102-рэ и пэкIэ кьалъхуащ (1907-1975) адыгэ тхакIуэ, Къэбэрдей адыгэ литературым и яп1э детектив тхылъхэр зытха Кlыщокъуэ Рашид. Абы и тхылъхэм тращIыкIыжащ куэдоженственнэ фильм зыбжанэ.

❖ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-р зы дакьикъэм, кьыжьэкIынущ сыхьэт 20-р дакьикъэ 22-м.**

❖ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-р дакьикъ 21-р.**

Щыщхьэ1ум и 9, тхьэмахуэ

❖ **Щалъхуа щIыналъэм щыпсоуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**

❖ Нагасаки и махуэщ. 1945 гъэм щыщхьэIум и 9-м США-м и кхъухьлъатэр а къалэм атом бомбэкIэ еуащ.

❖ Сингапур республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1965 гъэм къэрал щхьэхуит хьащ.

❖ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-р дакьикъи 2-м, кьужьэкIынущ сыхьэт 20-р дакьикъ 21-м.**

❖ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-р дакьикъ 19-р.**

**Щыщхьэ1ум и 10, блы

Щы Іыхьэхэр зы гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым хагъэхьэным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м №195-ПП

Бахьсэн, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Аруан, Шэджэм муниципальнэ районхэм я щыпІэ администрацэхэм я лъэІуэхэм хэпльауэ, Урысей Федерацэм и Щы кодексым и 8, 79 статьяхэм, «Щыхьэр и щы Іыхьэхэр зы гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхугъэ» 2004 гъэм дыгъэбаззэм и 21-м ящыта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7 статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щы кодексым и 6 статьям, «Щыр къэгъэсэбэныным пыщІа Іуэхухэмкі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм теухуауэ» 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №280-ПП-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Мэкъумэш щІапІэу щыт щІыхьэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм къагъэсэбэп щІыхьэм, космическэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ щІыхьэм, зыхьумэжыныгъэмкІэ, шынагъэншагъэмкІэ щІыхьэм, адрей мурад хэхаХэм къыхуагъэсэбэп щІыхьэхэм:

а) зэрыщыту хьупІэу щыт, гектар 14,0-рэ хьу, Куба кьуажэ жылагъуэм и кьухьэпІэ льэныкъуэмкІэ Балькъ псыхьэуэм хиубыдэу щыІэ щІы Іыхьэр, кадастр номер 07:01:1700000:123 зиІэр - пшахьуэ-мывэ къыщІэхыпІэ щащІын папщІэ;

б) зэрыщыту хьупІэу щыт, гектар 1,0033-рэ хьу, Куба кьуажэ жылагъуэм и кьухьэпІэ льэныкъуэмкІэ Балькъ псыхьэуэм хиубыдэу щыІэ щІы Іыхьэр, кадастр номер 07:01:1700000:121 зиІэр - производствэ, Іуэхутхьебэ Іуэхуэм пыщІа, складу къагъэсэбэп псэуальэхэр щащІын папщІэ;

в) зэрыщыту хьупІэу щыт, гектар 0,09-рэ хьу, Белокаменскэ кьуажэ жылагъуэм и ипщэ-кьухьэпІэ льэныкъуэмкІэ щІы щІы Іыхьэр, кадастр номер 07:02:2300000:0008 зиІэр - псы хущхьуэ къыщІэхыщыну насос станц щащІын папщІэ;

г) зэрыщыту хьупІэу щыт, гектар 039,74-рэ хьу, Черниговскэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэу Прохладнэ - Бахьсэн - Іуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгум дэкІуэу щыІэ щІы Іыхьэр, кадастр номер 07:04:6500000:82 зиІэр - автомобилхэм гъэсынпхъэ щрагъаьхьуэ станцу иджыдэс гъэсынпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъаьхьуэ станц ящыьыкын папщІэ;

д) гектар 33,5119-рэ хьу, хьупІэу гектар 28,3719-рэ, хуэфащІэхэр зытет щыпІэу гектари 3,8-рэ, чыцэхэр зытет щыпІэу гектар 0,94-рэ, кьинэмыщІ щынапІэу гектар 0,4-рэ зыхиубыдэ щІы Іыхьэр, Прималкэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:04:6200000:71 зиІэр - бройлер джэжьейхэр кьыщрагъэщІэн фермэм зрагъэубгъун, ар реконструкцэ ящІын папщІэ;

е) псори зэхэту унэхэмрэ псэуальэхэмрэ зытет щыпІэу гектар 4,893-рэ хьу щы Іыхьэу, Къэрэгъэш кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:04:5200000:82 зиІэр - Іусыпхъэхэр щагъэьхьэзыр цехым зрагъэубгъун, ар реконструкцэ ящІын папщІэ;

ж) хьупІэу гектари 4,05-рэ, псы щІагъым хуэзэ щыІуэ гектари 5,88-рэ зыхиубыдэ щІы Іыхьэу гектари 9,93-рэ хьур, Благовещенскэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хьыкъэр, кадастр номер 07:04:6200000:47 зиІэр - спорт комплекс щащІын папщІэ;

з) хьупІэу гектари 4,3-рэ, псы щІагъым хуэзэ щыІуэ гектари 9,14-рэ, псэуальэхэр зытет щыІуэ гектар 0,34-рэ, гъуэгуу гектар 0,11-рэ зыхьыкъэ щы Іыхьэу гектар 13,89-рэ хьур, Благовещенскэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:04:6200000:41 зиІэр - хьэщІэщ комплекс щащІын папщІэ;

и) зэрыщыту вапІэу гектари 1,166-рэ хьу, зэрыщыту вапІэу гектар 0,8-рэ, зэрыщыту вапІэу гектар 1,0914-рэ хьу щы Іыхьэхэу Ульяновскэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хыхьэхэр, кадастр номер 07:04:4000000:63, 07:04:4000000:62, 07:04:4000000:64 зиІэхэр - Советскэ щыдагъэ къыщІэщыпІэм кьэлыхьэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІыуэкІын папщІэ;

к) зэрыщыту хьупІэу гектар 0,1-рэ, зэрыщыту хьупІэу гектар 0,1-рэ хьу щы Іыхьэхэу, Къэхъуэ кьуажэ жылагъуэм и кьуэкІыпІэ льэныкъуэмкІэ щы Іэхэр, кадастр номер 07:07:0500048:182, 07:07:0500048:181 зиІэхэр - тыкуэнхэмрэ автомобиль гъэувыпІэхэмрэ щащІын папщІэ;

л) зэрыщыту хьупІэу гектари 5,60-рэ хьу щы Іыхьэу Шэджэм кьалэ жылагъуэм и ищхъэрэ-кьуэкІыпІэ льэныкъуэмкІэ щы Іэр, кадастр номер 07:08:1200000:58 зиІэр - кьалэм и промышленнэ щыпІэ къыщызэрагъэпэщын папщІэ;

м) зэрыщыту хьупІэу гектари 2,0-рэ хьу щы Іыхьэу Щхьэлыкъуэ кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:08:2500000:0092 зиІэр - хьэлъэзешэ автомашинэхэмрэ автобусхэмрэ щыкІэлыпІэ центр щащІын папщІэ;

н) зэрыщыту хьупІэу гектар 1,65-рэ хьу щы Іыхьэу Яныкъуей кьуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:08:1600000:63 зиІэр - ресторан-хьэщІэщ комплекс щащІын папщІэ;

о) зэрыщыту хьупІэу гектар 50,0-рэ хьу щы Іыхьэу Шэджэм кьалэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:08:1200000:057 зиІэр - мывэ-пшахьуэ щыкІэхыпІэу ящкІыпсту щыІэм зрагъэубгъун папщІэ.

2. Кьуажэ жылагъуэхэм яІыгъ щІыхьэм хэгъэьхэн мэкъумэш щІапІэу къагъэсэбэп щІыхьэу:

а) зэрыщыту хьупІэу гектар 15,0-рэ хьу щы Іыхьэу Шэджэм муниципальнэ районым и гъунапкъэхэм хиубыдэр, кадастр номер 07:08:1600000:90 зиІэр - псэупІэ унэхэр щащІын папщІэ, щІы унагъуэ щІапІэхэр къыщызэрагъэпэщын папщІэ;

б) зэрыщыту хьупІэу гектар 29,0-рэ хьу, зэрыщыту хьупІэу гектари 6,0-рэ хьу щы Іыхьэхэу Шэджэм кьалэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэхэр, кадастр кварталхэу 07:08:1400000, 07:08:2500000 зиІэхэр - уней псэупІэхэр щащІыну хуагъэшын папщІэ.

3. Яныгъэлэпхъэ мылькум и объектхэм я кадастрымкІэ федеральнэ агентствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм (Лыджыдэ Хь. П.) чэнджэщ етын зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр щы-кадастр документацэм хилъхьну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыгъ и кьалэнхэр зыгъэзэащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

КъБР-м Транспортымкі э, связымрэ гъэуэгуэ хозяйствэмкі э и министерствэм и коллегием и зи чэзу зэІуэщІэм щызэпкърахащ япэ илъэс ныкъуэм зыхуэнэсахэмрэ къыкІэлъыкІуэ мазищым кьаІэщытхэмр.

Министр **Сунш Ануарбий** и докладым зэрыщыжиІамкІэ, зи гугъу ящІ зэманым кьриубыдэу лэжьыгъэ хьарзынэхэр зэфІэгъэкІа хьуащ. ЦІыхуэхэм транспорт Іуэхутхьебзэу хуащІащ сом мелуан 910-рэ и уасэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм зэрыщытам елъытауэ процент 74-рэ мэхъу. Автомобиль транспортКІэ цІыху мелуан 28-рэ кьраршэкІащ, ауэ токкІэ лажьэхэм я зэфІэкІым кІэрыхуащ. Предприятэхэмрэ зи щхьэм хуэлажьэхэрэ коммерцэ хьэлъэу ягъэІэпхьуащ тонн 600.

- ДыхэлыфІыхьри, Налшыкрэ Мэзкуурэ зэпымыуэ автобусхэмкІэ зэпызыщІэну гъэуэгуитІ къызэрызэІуахынум и Іуэхум делтэжащ, зыхуей тхьапІэ псори дгъэхьэзыращ икІи Урысей Федерацэм Транспортымкі э и министерствэм и реестрым хедгъэтхащ.

Хьуэ транспортым и Іэнатіэр щытыкІэ гугъум ихуащ. «Эльбрус-Авиа» ФГУП-м и лэжьыгъэр къызэтрагъэувыІауэ абы и кьалэнхэр «Волга Авиа-Экспресс» компаниемэ гъэзащІэ.

Кризисым пэщІэтыныжкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ транспорт инфраструктурэм зезыгъэужьыну проектхэр гъэзэщІэным. «2010-2015 гъэхэм Урысейм и транспорт Іэнатіэм зэрызиужьынур» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, дунейпсо мардэм кьыпІэсэ къуэдзыгъэтапІэщІэ зэрыдудхэунэм зыхудогъахьэзыр. Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэща комиссэр а щІыпІэр кьыхухьыным йолажь - кьигъэлъэгъуащ къэпсэльам.

Министрым зэрыжиІамкІэ, мэкъуауэгъэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым щызэхэтащ телекоммуникацэм и новэгей щытыкІэмрэ абы дяпэкІи зегъэужьыныжкІэ щы-Іэ хэкІыпІэхэмрэ щызэпкъраха зэІуэщІэ. Псори зэхэту связым пщІэкІэ зэфІиГъэкІуэхутхьебзэхэр процент 23,9-рэ мэхъу. «Ипщэ телекоммуникацэ компание» ОАО-м и щІыналъэ къудамэм и Іуэхутхьебзэхэм ма-зихым кьриубыдэу сом мелуан 380-рэ кьыпэкІуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 6-кІэ нэхъыбэщ. Технологиехэр зэрыпрагъэфІэкІуам и фІыгъэкІэ къагъэсэбэп кадалхэм я льэщагъым хагъэхьауащ.

Связым зегъэужьнымкІэ мыхьэнэ зиІэ социальнэ программэхэр ягъэзэщІэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ «Ипщэ телекоммуникацэ компание» ОАО-мрэ мэлыхьэныхь мазэм зэгурыІуэныгъэ зэращІыгІащ, щІыхуэхэм, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ хуащІэ Іуэхутхьебзэхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ дежьыгъэхэр ящІыхуащ. Абыхэм хохьэ Тырныауз - Терской - Азау, Налшык -Анзорей щІыпІэхэр зэпызыщІэну линэхэр укъуэдиинри.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм Іуэхутхьебзэ зэмылІэужьыгъуэу 60-м щІигъу зэфІеГъэжкІ. Абыхэм кьапэкІуэу мазихым сом мелуани 121-рэ хэхъуэу кьыІэрыхьащ. Щыхуэхэм сом мелуан 43-рэ и уасэ Іуэхутхьебзэ хуащІащ, лэжьыгъэр щІэзыгъэпсынщІэ Іэмэпсымэхэр кьащэхуащ, Ташлы-Тала, Джэрпэджэк кьуажэхэм улахуэрэ хэхуэу щрат щыпІэхэр кьыщызгъэІуащ. Сунш Ануарбий щхьэхуэу кьытеуІыІащ щыпІэ жьыжьэхэр кьызэщІэзыбыдэ связым дя республикэм зэрызыщІужь щІыкІэм. Мы зэманым абы и Іуэхутхьебзэхэр щІыху мин 700-м кьагъэсебэп. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэм Іэмал псори яІэщ Урысейм и сетхэмрэ связым и дунейпсо операторхэмрэ щыхуей дыдэм зыпащІэну.

- Дунейпсо финанс кризисым кьиша гугъуехьэр гъэуэгу хозяйствэм кьыпІэІэсащ, -жиІащ министрым.- Федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкІыу мы гъэм кьытІэрыхьэн хуеяр мылькур процент 30-кІэ ягъэмэщІащ, нобэ ар зэрыхьур сом мелуан 913-рэщ. Абы кьыхэкІыу, гъэуэгу лэжьыгъэхэм я программэм пІэнейрэ дыхэпІэхэщІ, иужьрейр кьыщащтар нэкьыгъэм и 25-рщ. Зэщхьэщыхьаэу ухэпІэмэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкІыр сом мелуан 340-кІэ, республикэм ейр мелуан 36-кІэ ягъэмэщІащ. Арами, псоми кьагъэсэбэп гъэуэгуэм нобэ ирихьэлІэу сом мелуан 500 и уасэ лэжьыгъэ щызэфІагъэжкІащ. Гъэуэгу дзэкьыгъэхэр нэхъыбэу зэредгъэкІуэкІар республикэ бюджетымрэ федеральнэ бюджетым ейм щыщу кьэнаэу щытамрэ я хьэкъкІэщ. ЯгъэмэщІа мылькум хущІагъэужьн мурадкІэ, УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ щІыналъэхэм бюджет кредитэхэр ира тынущ. Ди республикэм кьыпІысыну сом мелуан 216-р проект зыбжанэм хэтлъхьэнущ.

Сунш Ануарбий зэхуэсахэр хиГъэгъуэзащІ «Урысей Ипщэ» программэ хэхамрэ «Бюджет зэхуаку трансфертхэр» Іыхьэнрэ ящкІ иткІэ, кредиту кьагъэсэбэпыну я мурадым, кьуажэ кІуэцІхэм гъэгугІэу щаухуэнэр зыхуэдизым, республикэм и Президентым и пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм, нэгъуэщІхэми.

Я Іэнатіэхэм я ІуэхущІафэр зыхуэдэр зэпкърахыу зэІуэщІэм кьыщыпсэлъащ «Урысейм и пощт» ФГУП-м и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Деваев Рэмэзан,** Налшык и интермодальнэ транспорт центрым и нэхъыжьэ **Холаев Лэкъумэн,** «Налшык Автобус-Транс» МУП-м и Іэтащхьэ **Тауклэш Хьисэ,** «Радио-Спорт» ООО-м и тхъэмадэ **Къуэдзокъуэ Амырхъан**, Налшык щыІэ «ДСУ-І» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ **Ким Алексей**, «Кавказ Ищхьэрэ» гъэуэгу управленэм и къудамэм и унафэщІ **Хьэцыкіу Юрэ** сымэ.

